



Pou Piblikasyon Imedya: 05/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KONTRANDI SOU NOUVO CORONAVIRUS LA, GOUVÈNÈ CUOMO KONFIME
11 KA ADISYONÈL - SA KI RANN ETA NEW YORK GEN 22 KA OTOTAL**

***Kounye a gen 1 ka nan Konte Nassau, 18 ka nan Konte Westchester, ak 3 ka nan
Vil New York***

***Li ouvri Sant Operasyon Ijans nan tout eta a nan Albany ansanm ak 2 avanpòs
Sant Operasyon Ijans nan Konte Westchester - 1 nan Hawthorne ak 1 nan New
Rochelle***

Pandan yon kontrandi sou nouvo Coronavirus la, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te konfime 11 ka adisyonèl nouvo Coronavirus, sa ki rann yon total 22 ka konfime nan Eta New York. Nan 22 moun ki te teste pozitif pou viris la, gen youn ki rezide nan Konte Nassau, twa rezide nan Vil New York epi 18 rezide nan Konte Westchester. Kòm repons pou kantite ka ki ap ogmante yo, Gouvènè a aktive Sant Operasyon Ijans (Emergency Operation Center, EOC) nan tout eta a nan Albany, ansanm ak de avanpòs Sant Operasyon Ijans nan Konte Westchester: youn nan Hawthorne ak youn nan New Rochelle.

"Nouyòkè yo ta dwe konsantre sou reyalite yo men se pa sou pèrèz pandan n'ap konfwonte sityasyon sa a k'ap evolye, epi reyalite yo pa merite nivo enkyetid nou ap konstate la a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kantite ka yo ap ogmante paske se matematik - plis ou ap teste, se pi plis ka ou ap jwenn. Nou ap teste plis moun, nou ap izole nenpòt ki moun ki te ka vin an kontak ak viris la, epi nou bay moun swen si yo bezwen sa."

Sant Operasyon Ijans yo

Gouvènè a aktive Sant Operasyon Ijans nan tout eta a -oswa EOC - nan Albany ansanm ak de Sant Operasyon Ijans nan Konte Westchester: youn nan Hawthorne ak youn nan New Rochelle. EOC a ak avanpòs EOC yo sèvi kòm yon sant kòmand santral, kote pèsonèl Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management) ak Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services) ka kowòdone avèk ekspè Depatman Sante (Department of Health) yo pou yo kontwole pi byen ak pou reponn a epidemi an, bay mizajou kominikasyon an tan reyèl epi kowòdone efò repons yo avèk lòt ajans yo. EOC a ak avanpòs EOC yo ap rete fonksyone jiskaske epidemi sa a kaba.

Anplis de sa, Eta a ap kontinye kontwole sityasyon an nan Konte Nassau ak lòt kote epi li pral pote yon operasyon avanpòs EOC nenpòt kote ki nesèsè lè sityasyon fè apèl pou sa a.

Plis enfòmasyon sou repons Eta New York fas ak COVID-19 la disponib isit la: <https://www.health.ny.gov/diseases/communicable/coronavirus/>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)